

## Biwo pou Prevansyon ak Politik Anrapò ak Trafik Timoun (Office of Child Trafficking Prevention and Policy, OCTPP)

Divizyon Pèmanans Fanmi / Biwo pou Sèvis  
Jenn ki pi gran (Division of Family Permanency /  
Office of Older Youth Services)

Jess Dannhauser, Komisyònè

Ina Mendez, Komisyònè Adjwen

Sabine Chery, Komisyònè Asistan

Selina Higgins, LCSW-R (Travayè Sosyal Klinik  
ki gen Lisans), Direktè Egzekitif, nan Biwo pou  
Prevansyon ak Politik Anrapò ak Trafik Timoun la

## Konsènan Biwo pou Prevansyon ak Politik Anrapò ak Trafik Timoun

Biwo pou Prevansyon ak Politik Anrapò ak Trafik Timoun (OCTPP) ap travay pou fè sensibilizasyon sou trafik moun ak pou ede idantifye sèvis apwopriye ki disponib pou ede jenn ki viktim trafik moun ak jenn ki riske viktim yo ansanm ak fanmi jenn sa yo. OCTPP reponn demann ransèyman, li bay konsiltasyon ak asistans teknik, li prepare epi fè fòmasyon, li konsève Bazdone sou Trafik Timoun (Child Trafficking Database, CTDB) epi li kolabore ak pati konsène yo pou devlope politik ak pwosedi pou pi bon pratik travay avèk jenn ki viktim trafik ak sa ki riske viktim yo.

OCTPP ap dirije pwogram "Movin' On" lan tou:  
Se Pwojè ak Rezo ACS pou Eliminasyon Tatwaj sou Timoun, ki konsantre sou referans pou konsiltasyon kay founisè pou tatwaj medikal pou jenn eksplwate epi ki fè pati gang.

## KIMOUN POU W RELE SI OU GEN REZON POU W SISPÈK YON TIMOUN TE VIKTIM TRAFIK:

### Tout moun:

- Liy Dirèk Nasional pou Lit Kont Trafik Moun lan nan **888-373-7888** oswa voye mesaj tèks bay 233733
- Liy Dirèk Nasional pou Lit Kont Trafik Moun NYPD a: **646-610-7272**
- Si yon timoun viktim trafik epi li pa antre lakay li oswa yo pa ka jwenn li nan yon pwogram: tanpri siyale absans timoun ki disparèt la bay lapolis nan zòn nan epi avèti Sant Nasional pou Timoun ki Disparèt ak sa y ap Eksplwate (National Center for Missing and Exploited Children, NCMEC) nan **1-800-THE-LOST (800-843-5678)**, oswa itilize Cyber Tipline yo a nan [www.missingkids.com](http://www.missingkids.com)
- Si moun ou sispèk ki ap fè trafik la se yon paran oswa yon moun ki responsab legal timoun nan, oswa ki te kontribiye nan sitiyasyon trafik la pandan I t ap abize, maltrete oswa dezabiye timoun nan: Rejis Santral nan Tout Eta New York pou Abi ak Move Tretman sou Timoun nan: **1-800-342-3720**
- Si w gen rezon pou kwè yon jenn viktim abi oswa neglijans pandan yo mete I nan swen rezidansyèl, rele Sant Jistik Eta New York (New York State Justice Center) nan **1-855-373-2122**

**Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou:**  
[www1.nyc.gov/site/acs/youth/traffickedyouth.page](http://www1.nyc.gov/site/acs/youth/traffickedyouth.page) oswa navege ale sou > "NYC ACS Preventing Youth Trafficking" [Prevansyon Trafik sou Timoun ACS pou NYC]

- Pou rapòte ka timoun ki viktim trafik/demann ransèyman sou ka:  
[Child.trafficking@acs.nyc.gov](mailto:Child.trafficking@acs.nyc.gov)
- Pou enfòmasyon sou fòmasyon k ap fèt alavni yo:  
[Traffickingtraining@acs.nyc.gov](mailto:Traffickingtraining@acs.nyc.gov)
- Pou kesyon sou Bazdone Trafik Timoun (Child Trafficking Database, CTDB):  
[CTDB@acs.nyc.gov](mailto:CTDB@acs.nyc.gov)
- Pou mande ransèyman konsènan eliminasyon tatwaj eksplwate an ak gang yo:  
[Child.tattoo.remove@acs.nyc.gov](mailto:Child.tattoo.remove@acs.nyc.gov)

## SI W KWÈ MOUN NAN AN DANJE IMEDYA, RELE 9-1-1.

### Si w fè pati ACS, Fanmi Plasman, Sèvis Prevansyon oswa Jistik Jivenil, tanpri ou ka avèti antite sa yo TOU:

- Bwat postal ACS pou Trafik Timoun nan: [Child.trafficking@acs.nyc.gov](mailto:Child.trafficking@acs.nyc.gov)
- NYPD, avèk fòmilè OCFS-3922 annakò ak 15-OCFS-ADM-16, pou yon timoun ki koresponn ak Definisyon Federal pou Trafik Sèks. Apre w fin ranpli fòm lan, voye yon imèl bay [VED@nypd.org](mailto:VED@nypd.org) ak [Child.trafficking@acs.nyc.gov](mailto:Child.trafficking@acs.nyc.gov), epi fè suivi ak yon apèl lè w rele **212-694-3013**, ki disponib lendi jiska vandredi, ant 10 a.m. ak 6 p.m.. Si w voye yon imèl bay LER lan apre lè travay yo, tanpri asire w pou w fè apèl suivi a imedyatman nan jou apre a (jou travay).
- Biwo Eta New York pou Èd Pwovizwa ak pou Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pou kòmanse pwosesis konfirmasyon viktim lan pou yon timoun ki koresponn ak Definisyon Federal pou Trafik Sèks. Fakse Referans Eta New York pou Viktim Trafik Moun (State Referral of Human Trafficking Victim) nan **518-485-9611**

# KONPRANN TRAFIK TIMOUN AK SA OU KA FÈ



BLE MAREN

se koulè ofisyèl pou  
Konsyantizasyon ak  
Prevansyon Trafik Moun.  
Lè nou mete yon riban  
ble maren, nou ede  
sansibilize sou trafik  
moun ak eksplwatasyon  
seksyèl timoun.

# KISA TRAFIK MOUN YE?

## Trafik Moun se ESKLAVAJ Modèn.

Trafik moun fèt chak fwa yon moun patisipe nan sèvis ak/oswa travay seksyèl pou benefis yon lòt moun akòz fòs, fwòd oswa presyon, oswa chak fwa yon jenn moun ki poko gen 18 lane patisipe nan yon zak seksyèl komèsyal.

## KATEGORI TRAFIK MOUN:

- Trafik Mendèv
- Trafik Seksyèl
  - Trafik Seksyèl sou Timoun nan Objektif pou Fè Lajan (CSEC) an
- Trafik Ògàn



### Trafik Mendèv Timoun:

Lè yo mete yon timoun ki poko gen 18 lane fè travay oswa sèvis pa mwayen fòs, fwod oswa presyon.

- **Fòs:** Lè yon moun kontwole yon lòt moun pa mwayen vyolans Agresyon, kadejak, anpeche manje/dòmi, fose pran dwòg, kidnapin
- **Fwod:** Pyeje yon moun pou w fè I fè yon bagay li pa t ap fè an tan nòmal Fo kontra travay, pwomès lanmou/maryaj, pyèj
- **Presyon Sèvi ak menas kont reskape a oswa kont moun pwòch li yo** Menas depôtasyon oswa chantay, esklavaj pou dèt, kite menas, kenbe saèl oswa papye legal, manipilasyon sikolojik

### Trafik Seksyèl (Definisyon Federal):

Selon Lwa sou Pwoteksyon Víktim Trafik (Trafficking Victims Protection Act, TVPA): "rekrite, ebèje, transpòte, founi, oswa jwenn yon moun pou objektif zak seksyèl komèsyal"

### Trafik Seksyèl sou Timoun:

Nenpòt ka kote yon moun ki poko gen 18 lane fè echanj yon zak oswa yon espektak seksyèl pou yon bagay ki gen valè. Yo rele sa a Eksplwatasyon Seksyèl Timoun Nan Objektif Pou Fè Lajan (Commercial Sexual Exploitation of Children, CSEC)

### Trafik Seksyèl sou Timoun: Eksplwatasyon Seksyèl Timoun Nan Objektif Pou Fè Lajan (CSEC) an

Nenpòt ka kote yon moun ki poko gen 18 lane fè echanj oswa dakò fè yon zak oswa yon espektak seksyèl pou lajan oswa yon lòt bagay ki gen valè. Yo rele sa a Eksplwatasyon Seksyèl Timoun Nan Objektif Pou Fè Lajan (CSEC).

Trafik Seksyèl sou Timoun kapab genyen ladan li tou kèk aksyon tankou:

- Patisipe oswa aksepte osinon ofri pou fè sèks pou yon kantite lajan, oswa pou nenpòt bagay ki gen valè
- Materyèl Abi Seksyèl sou Timoun (Child Sexual Abuse materials, CSAM): foto, video, publikasyon sou rezo sosyo, pilbisite ki gen nati seksyèl.
- Dans oswa Espéktak Egzotik
- Dezabiye
- Sèvis Pwosibilitiyon
- Fè echanj sèks pou manje, rad, yon kote pou rete, oswa lòt bezwen debaz (sèks sivi)
- Fè echanj sèks pou bagay viktim lan vle posedé

**CSEC SE YON KRIM!** Tout moun dwe siyale I, epi antite ki la pou sa yo dwe founi reskape yo sèvis ki apwopriye!

### Jenn ki Frajil Espesyalman pou yo Víktim Trafik yo se:

- Jèn ki Sove Kite Kay yo oswa ki Sanzabri
- Timoun ki nan sistèm Fwaye Dakèy la ak/oswa Sistèm Jistis pou Jèn la(yo)
- Timoun ki gen antedesan abi (sitou abi seksyèl), move tretman oswa neglijans
- Timoun ki konn pran dwòg/alkòl
- Timoun ki gen andikap (maladi mantal, twoub devlòpman, twoub fizik)
- Jèn nan kominkasyon LGBTQ a
- Refijye, Imigran oswa Jenn ki pa pale Anglè yo

### Siy Avètisman pou Trafik Seksyèl sou Timoun ak Trafik Mendèv Timoun:

- Timoun nan ki sove kite kay li souvan epi/oswa pou peryòd tan ki long;
- Timoun ki prezante siy abi mantal, fizik, oswa seksyèl;
- Timoun ki gen yon patnè ki pi gran anpil oswa ki pase anpil tan ak yon moun ki gen anpil kontwòl sou li oswa ki pi granmoun pase l;
- Endikasyon oswa rapò sou vyolans nan kay/vyolans patnè entim;
- Timoun k ap bay manti sou laj oswa mache ak yon fo pyès idantifikasyon;
- Patwon an founi lojman;
- Timoun nan diminye majorite kontak li te gen avèk fanmi, zanmi, oswa lòt rezo ki bay sipò yo;
- Timoun nan montre yon tandans pou rete lakay zanmi oswa yon granmoun ki pa responsab legal li;
- Timoun nan retisan pou pale sou fason li fè lajan, sou kote li rete, kijan oswa kilè li te vini Ozetazini;
- Li manke kontwòl sou orè ak/oswa lajan;
- Li gen gwo kantite lajan oswa bagay ki vann chè li pa vrèman gen mwayen pou peye;
- Li ap patisipe nan sistèm tankou sèvis sosyal, PINS, tribunal, elatriye;
- Li travay plis pase li ale lekòl oswa souvan li pa ale lekòl;
- Li gen lide swisid ak/oswa gen depresyon.
- Eksplikasyon li bay pou blesi yo pa koresponn avèk gravite blesi yo;
- Li te gen plizyè enfeksyon moun pran nan fè bagay (sèks) epi/oswa li te fè avòtman;
- Li gen tatou ki sisplèk oswa mak boule (makaj);
- Li montre konpòtman entèpretasyon seksyèl toutaklè;
- Li montre prèv abi seksyèl;
- Li pa vle di kikote paran oswa moun ki responsab li ye ni bay enfòmasyon sou yo;
- Yo mete limit nan komunikasyon li ak/oswa li montre konpòtman kote li enkyete, krentif, deprime, soumèt, sou tansyon ak kè sou biskèt;
- Li pa vle oswa pa kapab idantifye tèt li kòm viktim;
- Jenn nan rakonte menm istwa a menm jan anpil fwa, epi li bay aparans li te antrène pou istwa a;
- Li pè konsekans nan yon degré pi plis pase sa yon sitiyasyon merite (pa egzanp lè li anreta).